

# Sant pou retablisman akòz katastwòf ouvri nan LaBelle

---

Release Date: October 4, 2017

**ORLANDO, Fla.** – Yon sant pou retablisman akòz katastwòf (*Disaster Recovery Center, DRC*) ouvri jedi oktòb epi li gen pou l fèmen le 9 oktòb nan LaBelle pou ede sivivan siklòn yo nan Florid. DRC a pral ouvri apati 8 a.m. jiska 8 p.m. epi l ap ret ouvri jiska lendi, 9 oktòb.

Sant pou retablisman akòz katastwòf yo ofri sipò an pèsòn pou moun ak ti antrepriz yo. Espesyalis nan zafè retablisman nan Administrasyon Federal pou Jesyon Kadijans (*Federal Emergency Management Administration, FEMA*), Administrasyon ti Antrepriz Ozetazini (*U.S. Small Business Administration, SBA*), ak eta a, disponib pou bay nenpòt moun asistans pou ranpli aplikasyon yo oswa mete estati yo ajou. Kèk òganizasyon volontè disponib epi yo ofri yon varyete sèvis pou ede sivivan yo retabli yo.

W ap jwenn DRC a nan adrès ki vin aprè a:

**LaBelle (Konte Hendry)**

**Office of Emergency Management (EOC) 4425 W. State Road 80**

**LaBelle, FL 33935**

**Lè sèvis: 8 a.m. jiska 8 p.m**

**LOKAL SA A AP FÈMEN LE 9 OKTÒB A 8:00 PM**

Ofiramezi plis sant ouvri, sivivan yo ka chèche youn ki pre yo lè yo ale sou <https://www.fema.gov/disaster-recovery-centers> oswa lè yo rele liy asistans FEMA nan 800-621-3362, (TTY) 800-462-7585. Nimewo liy asistans yo ouvri apati **7 a.m. jiska 11 p.m., sèt jou pa semèn**. Enfòmasyon sou DRC disponib tou sou [FEMA App](#).

Pwosesis anrejistremant an se premye etap nan rekiperasyon an epi sa mande pou bay enfòmasyon tankou polis asirans, ak enfòmasyon labank ou pou potansyèl transfè dirèk lajan. Nou ankouraje sivivan yo pou yo anrejistre anvan yo vizite yon DRC.



**FEMA**

Page 1 of 3

Administrasyon ti Antrepriz Ozetazini (*U.S. Small Business Administration, SBA*) ofri prè lajan pou katastwòf federal nan enterè ki ba pou pwopriyete kay, lokatè ak biznis kèlkeswa gwosè biznis lan. SBA a se sous lajan prensipal gouvènman federal la pou rekonstriksyon alontèm pwopriyete ki domaje akòz katastwòf la.

Si w genyen yon telefòn epi/oswa aksè sou entènèt, ou ka anrejistre nan youn nan fason ki vin aprè yo:

- Sou entènèt nan [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov)
- Rele liy asistans FEMA nan **800-621-3362** pou vwa, 711 ak Video Relay Service (VRS). Si w soud, ou gen difikilte pou tande, oswa ou gen difikilte pou pale epi w itilize yon TTY, rele 800-462-7585. Enfòmasyon sou pwosesis anrejistreman an disponib nan lang siy ameriken (ASL) nan: [fema.gov/media-library/assets/videos/111546](https://www.fema.gov/media-library/assets/videos/111546).
- Gen èd ki disponib nan pifò lang.
- [FEMA App](#) la epi aplike.

Ou ka genyen lòt bezwen pandan w ap vizite yon DRC:

- Si w bezwen akomodasyon ki rezonab tankou pou sèvis entèprèt nan lang siy ameriken (ASL), bray, enfòmasyon nan gwo karaktè, eksetera, ou ka rele nimewo liy asistans lan pou sipò nan **800-621-3362**.
- Nou ofri sèvis tradiksyon atravè entèpretasyon telefonik nan 200 lang.

Ekip asistans pou sivivan akòz yon katastwòf (*Disaster Survivor Assistance, DSA*) ap pase kay an kay nan zòn ki afekte yo epi yo kapab anrejistre sivivan yo pou asistans FEMA, si sa nesèsè. Sèvis entèpretasyon telefonik disponib nan plizyè lang pou ede sivivan yo avèk bezwen yo genyen nan lang. Lè rezidan yo bezwen plis asistans, ekip yo ka refere yo pou yo al nan yon DRC.

Si w deja anrejistre, li pa nesèsè pou vizite yon DRC, men ou ka toujou vle al pale avèk yon espesyalis pou retablisman pou mete estati w ajou oswa pou ede w jwenn èd nan men lòt òganizasyon.

Ou pa bezwen repeye lajan FEMA ba w yo. Ou pap peye taks sou asistans FEMA ba w epi sa pa pral afekte elijiblite w pou Sekirite Sosyal, Medicaid oswa lòt benefis federal.



Sivivan yo ta dwe anrejistre menm si yo gen asirans. FEMA paka ba w pèman asirans ou an deja ba w, men aplikan ki pa gen ase asirans yo ka resevwa èd aprè yo fin regle ka yo a.

Pou plis enfòmasyon sou retablisman, vizite [fema.gov/hurricane-irma](https://fema.gov/hurricane-irma).

Hurricane Irma victims at the Bartow DRC.

###

*Misyon FEMA se pou sipòte sitwayen nou yo ak premye sekouris yo pou asire antanke yon nasyon nou travay ansam pou bati, mentni epi amelyore kapasite nou pou n prepare n pou tout danje, pwoteje kont tout danje, reponn a tout danje, rekipere de tout danje epi aleje tout danje.*

*Asistans pou retablisman akòz katastwòf la disponib san nou pa gade sou ras, koulè, relijyon, nasyonalite, sèks, laj, andikap, konpetans nan lang anglè oswa estati ekonomik. Si oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim diskriminasyon, rele FEMA gratis nan 800-621-FEMA (3362). Pou TTY rele 800-462-7585.*

*Asistans lojman tanporè FEMA a ak sibvansyon pou depans pou transpò piblik, depans medikal ak dantè, ak depans pou fineray ak antèman pa mande pou yon moun aplike pou prete lajan nan SBA. Sepandan, kandida ki resevwa aplikasyon pou prete lajan nan SBA dwe soumèt aplikasyon sa yo bay responsab kredi SBA yo pou yo ka elijib pou asistans ki kouvri pwopriyete pèsònèl, reparasyon machin oswa ranplasman machin, ak depans pou demenajman ak pou mete bagay nan depo.*



**FEMA**

Page 3 of 3